

# Enfòmasyon ak Enstriksyon pou Ranpli *Demann pou yon Revizyon sou Dosye* *Premye Nivo pou Peman Tranzitwa oswa Peman Sipò Eksedantè Kimilatif*

Tanpri revize dokiman "Kijan Mwen Ka fè Konnen Si Mwen Ta Dwe Mande yon Egzamen sou Dosye?" ki ensere **anvan** ou kontinye.

Enfòmasyon sa a disponib tou nan [https://www.childsupport.ny.gov/dcse/desk\\_review.html](https://www.childsupport.ny.gov/dcse/desk_review.html).

## Enfòmasyon – Definisyon

**Atribisyon Dwa Sipò:** Lè w aplike pou Asistans Tanporè (Temporary Assistance, TA), epi pandan tout tan ou resevwa TA, ou asiye, oswa transfere, nan distri sèvis sosyal (distri) dwa ou pou resevwa peman sipò pou tèt ou ak nenpòt moun w ap aplike pou li oswa k ap resevwa TA. Sa vle di distri a pral kenbe koleksyon pansyon ou resevwa pou ou menm oswa pou fanmi w pandan w nan TA. Distri a pral sèvi ak sipò a pou ranbouse TA ke yo peye ou oswa fanmi ou. **TA peye gen ladann peman TA yo te fè dirèkteman bay yon pwopriyete, konpayi sèvis piblik, oswa lòt machann nan non w.**

**Peman Tranzitwa:** Si yo peye obligasyon pansyon aktyèl la nan mwa li bout la, distri a ap ba ou yon pòsyon nan koleksyon sipò yo asiye sa yo anplis sibvansyon TA a. Yo rele pòsyon peman sipò pou timoun yo ba w la yon **peman tranzitwa**. Kantite montan tranzitwa ou resevwa a depann de kantite moun ki poko gen 21 ane ki aktif nan ka TA ou a ak obligasyon pansyon alimantè aktyèl yo kolekte chak mwa. **Peman tranzitwa yo se yon montan ki rive jiska:**

- 100.00 dola pou chak mwa nan pansyon alimantè aktyèl yo kolekte oswa jiska montan obligasyon pansyon alimantè aktyèl la, kèlkeswa sa ki mwens lan, pou yon fwaye ki gen yon moun ki poko gen 21 ane aktif sou ka TA, oswa
- 200.00 dola pou chak mwa nan pansyon alimantè aktyèl yo kolekte oswa jiska montan obligasyon pansyon alimantè aktyèl la, kèlkeswa sa ki mwens lan, pou yon fwaye ki gen de moun oswa plis ki poko gen 21 ane aktif sou ka TA.

Ou ka mande yon revizyon sou dosye premye nivo nan yon **peman tranzitwa** pou tout oswa yon pati nan tan apati dat ou fè demann sa a apati nan 1e janvyè nan ane sivil anvan an.

**Peman Sipò Eksedantè Kimilatif:** Si montan an sipò distri a kolekte epi kenbe a plis pase kantite total TA yo te peye pou ou menm ak fanmi ou pandan tout peryòd ou te sou TA nan distri a depi lè ka TA ou a te ouvri, ou gen dwa pou resevwa yon kantite sipò siplemantè. **Peman sipò eksedantè kimilatif** la se yon peman yo ba ou ki egal ak kantite sipò siplemantè distri a kolekte epi kenbe.

Pou elijib pou yon revizyon sou dosye premye nivo pou yon **peman sipò eksedantè kimilatif**, yo dwe resevwa yon koleksyon pansyon epi debouse nan yon moman ant dat ou fè demann sa a ak 1e janvyè nan ane sivil anvan an. Men, yon fwa yo detèmine ou elijib pou yon revizyon sou dosye sipò eksedantè kimilatif, revizyon an pral fèt pou tout peryòd ou te sou TA nan distri w la.

## Enstriksyon pou Ranpli Fòm Aplikasyon an

### Seksyon A – Enfòmasyon ou

Rantre:

- Non konplè ou.
- Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) oswa Nimewo Idantifikasyon Endividyèl pou Kontribyab (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN). Yon ITIN se yon nimewo nèf chif ki kòmanse ak "9" ke Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service) emèt pou sitwayen etranje ak lòt moun ki oblije gen yon nimewo idantifikasyon kontribyab ameriken men ki pa genyen, epi ki pa elijib pou jwenn, yon SSN nan Administrasyon Sekirite Sosyal la.
- Tout adrès postal aktyèl la, ki gen ladan nimewo ak adrès lari (oswa bwat postal), vil, eta, ak kòd postal.
- Nimewo telefòn, enkli kòd zòn lan.
- Nimewo Idantifikasyon Kliyan (Client Identification Number, CIN).
- Nimewo Ka Asistans Tanporè (yo) (Temporary Assistance Case Number(s), TA CAN[s])
- Idantifyan Dosye New York (yo) (Nimewo Kont Pansyon Alimantè pou Timoun [yo]). Si ou gen plis pase yon kont pansyon alimantè pou timoun, tanpri antre tout Idantifyan Dosye New York yo.

## Seksyon B – Kalite Demann

Kòm yon pati nan revizyon sou dosye w la, ou ka mande yon konferans ak Inite Koleksyon Pansyon Alimantè (Support Collection Unit, SCU) a. Konferans lan ka fèt an pèsòn oswa pa telefòn epi l ap pèmèt ou ofri dokiman epi/oswa diskite sou rezon ki fè ou kwè yo dwe peye w anplis.

Si w **pa** vle yon konferans nan kad revizyon sou dosye w la, chwazi "Mwen mande yon revizyon sou dosye premye nivo." Si w ta renmen yon konferans nan kad revizyon sou dosye w la, chwazi "Mwen mande yon konferans ak Inite Koleksyon Pansyon Alimantè a ak yon revizyon sou dosye premye nivo." Tanpri mete lè ki pi bon pou kontakte w epi sonje di nou si se a.m. oswa p.m.

## Seksyon C – Kalite Revizyon

- Chwazi ki kalite revizyon sou dosye w ap mande: peman tranzitwa OSWA peman sipòksedantè kimilatif.
- Si w ap mande yon revizyon sou dosye pou yon **peman tranzitwa**, ou dwe di nou peryòd tan w ap mande revizyon sou dosye a. Peryòd tan pou yon revizyon sou dosye pou peman tranzitwa a limite a ane sivil nan mwa demann lan te fèt la ak ane sivil anvan an, epi sèlman pou mwa yo ki te gen yon atribisyon dwa sipò ki te anvigè. Pa egzanp, si w mande yon revizyon sou dosye pou yon peman tranzitwa nenpòt ki lè nan ane sivil sa a, mwa yo ka revize yo ka, o maksimòm, remoute sèlman nan mwa janvyè nan ane sivil anvan an.
  - Ekri mwa a ak ane ou ta renmen revizyon sou dosye a kòmanse epi mwa ak ane ou ta renmen revizyon sou dosye a fini.
- Si w ap mande yon **revizyon sou dosye pou yon peman sipò eksedantè kimilatif**, peryòd revizyon an gen ladan tout tan ou te resevwa TA. Peryòd revizyon sou dosye a pral kòmanse nan premye dat ou te resevwa TA epi fini dènye mwa distri a te kenbe pansyon alimantè pou timoun lan pou ranbouse TA ou te resevwa a.
- Di pou ki nou rezon (yo) ki fè w ap mande yon revizyon sou dosye. Pa egzanp, ou ka deklare "Mwen pa te resevwa yon peman tranzitwa pou me 20XX."
- Ou ka mete dokiman pou sipòte demann revizyon sou dosye w la. Egzanp dokiman ou ka vle mete yo se 1) *Rapò Pansyon Alimantè* chak mwa, 2) *Lèt Pansyon Eksedantè*, oswa 3) nenpòt lòt avi ou te resevwa nan men nou. Si w ap mete dokiman, tanpri chwazi kazyè "Wi" a. Si w p ap mete dokiman, tanpri chwazi kazyè "Non" an.

## Seksyon D – Siyati ak Dat

- Siyen non konplè ou.
- Ekri non konplè ou.
- Ekri dat ou te siyen fòmilè a.

**Retounen fòmilè demann ou ranpli a:** Yon fwa ou fin ranpli fòmilè *Demann pou yon Revizyon sou Dosye Premye Nivo pou Peman Tranzitwa oswa fòmilè Peman Sipò Eksedantè Kimilatif la*, soumèt fòmilè ki ranpli a ak nenpòt dokiman bay SCU ki jere kont pansyon alimantè pou timoun ou an. Ou ka jwenn adrès nenpòt SCU sou Entènèt nan <https://www.childsupport.ny.gov/DCSE/LocalOffices>. Chwazi konte ki apwopriye a. Sèvi ak adrès ou jwenn anba seksyon *Pou Revizyon sou Dosye* nan paj Enfòmasyon Kontak Konte a. Si w pa sèten nan ki SCU pou w retounen fòmilè a, tanpri rele **Liy Asistans pou Pansyon Alimantè pou Timoun** lan gratis nan **888-208-4485 (TTY: 866-875-9975)**, lendi jiska vandredi soti 8:00 a.m. rive 7:00. p.m. Ou ka jwenn yon lis founisè Sèvis Relè ki rekonèt nan <https://www.fcc.gov/general/internet-based-trs-providers>.

Aprè w fin soumèt fòmilè ki ranpli a, SCU a ak Inite TA a pral revize demann ou an epi voye yon repons alekri ba ou nan espas 45 jou ouvrab aprè dat SCU a resevwa demann alekri w la. Revizyon sou dosye a pral detèmine si ou te resevwa kantite sipò ki kòrèk la. Si yo dwe w yon peman adisyonèl, yo dwe ba w li nan espas 30 jou kalandriye apati dat lèt desizyon an. Inite TA a ka mete peman sa a sou kat EBT ou oswa, nan kèk sitiyasyon, voye yon chèk ba ou. Si yo te peye w twòp sipò, Inite TA a ka rekipere kantite lajan w yo te peye w anplis la.

Si w gen kesyon konsènan fòmilè a oswa enstriksyon yo, oswa si lè w li enfòmasyon sa a, ou kwè ou genyen yon pwoblèm ki pa egzijè w yon revizyon sou dosye ou, kontakte Liy Asistans pou Pansyon Alimantè pou Timoun lan nan nimewo telefòn yo bay pi wo a.